

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

1.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi data samémehna ngeunaan kalimah salancar jembar dina novél *Laleur Bodas* karangan SAMSU bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kahiji, dina ieu panalungtikan kapanggih aya 108 data kalimah salancar jembar. Ieu data ngawengku struktur kalimah salancar jembar anu ngawengku pola-pola kalimah, fungsi, katégori jeung peran unsur fungsionalna, ogé wanda kalimah salancar jembar nu disawang tina unsur fungsional kateranganna.

Kadua, analisis struktur kalimah salancar jembar dina ieu panalungtikan téh ngawengku (1) pola-pola kalimahna, (2) fungsi unsur-unsur fungsionalna, (3) katégori unsur-unsur fungsionalna, jeung (4) peran unsur-unsur fungsionalna. Dumasar hasil analisis data kapanggih aya opat pola kalimah salancar jembar nya éta:

1) Pola 1 : J + C + Kat

Pola ieu diwangun ku :

- Unsur fungsional jejer, anu mangrupa: (1) Kecap Barang, (2) Frasa Barang, jeung (3) Kecap Bilangan. Sarta miboga peran anu nuduhkeun palaku, pangrandap, *pengalam*, panggolong, tempat jeung jumlah.
- Unsur fungsional caritaan anu mangrupa: (1) Kecap Pagawéan, (2) Frasa Pagawéan, (3) Frasa Barang, jeung (4) Frasa Sipat. Sarta miboga peran anu nuduhkeun kalakuan, kaayaan, *keberadaan*, jeung digolongkeun.
- Unsur fungsional katerangan anu mangrupa: (1) Kecap Pagawéan, (2) Kecap Barang, (3) Kecap Sipat, (4) Kecap Panambah, (5) Kecap Panyambung, (6) Frasa Barang, (7) Frasa Sipat, (8) Frasa Bilangan, jeung (9) Frasa Pangantét. Sarta miboga peran anu nuduhkeun tempat, waktu, cara, pangrandap, babandingan, sabab, panarima jeung alat.

2) Pola 2: J+C+U+Kat

Pola ieu téh diwangun ku :

- Unsur fungsional jejer anu mangrupa: (1) Kecap Barang, (2) Kecap Bilangan, (3) Frasa Barang, jeung (4) Frasa Pangantét. Sarta miboga peran anu nuduhkeun palaku, pangrandap, jumlah, tempat, jeung *pengalam*.
- Unsur fungsional caritaan anu mangrupa: (1) Kecap Pagawéan jeung (2) Frasa Pagawéan. Sarta miboga peran anu nuduhkeun kalakuan, kaayaan jeung *keberadaan*.
- Unsur fungsional udagan anu mangrupa: (1) Kecap Barang, (2) Frasa Barang, jeung (3) Frasa Pangantét. Sarta miboga peran anu nuduhkeun pangrandap, tempat, jeung alat.
- Unsur fungsional katerangan anu mangrupa: (1) Kecap Panambah, (2) Frasa Barang, (3) Frasa Bilangan, (4) Frasa Sipat, jeung (5) Frasa Pangantét. Sarta miboga peran anu nuduhkeun waktu, cara jeung tempat

3) Pola 3: J+C+K+Kat

Pola ieu téh diwangun ku:

- Unsur fungsional jejer anu mangrupa: (1) Kecap Barang jeung (2) Frasa Barang. sarta miboga peran anu nuduhkeun palaku, pangrandap, jeung *pengala*.
- Unsur fungsional caritaan anu mangrupa: (1) Kecap Pagawéan, (2) Kecap Sipat, (3) Frasa Pagawéan jeung (4) Frasa Barang. Sarta miboga peran anu nuduhkeun kaayaan, *keberadaan*, jeung kalakuan.
- Unsur fungsional komplemen anu mangrupa: (1) Kecap Pagawéan, (2) Frasa Pagawéan, (3) Frasa Sipat, jeung (4) Frasa Pangantét. Sarta miboga peran anu nuduhkeun pangrandap jeung alat.
- Unsur fungsional katerangan anu mangrupa: (1) Kecap panyambung, (2) Kecap Bilangan, (3) Frasa Barang, (4) Frasa Sipat, (5) Frasa Bilangan jeung (6) Frasa Pangantét. Sarta miboga peran anu nuduhkeun waktu, tempat, babandingan, jeung sabab.

4) Pola 4: J+C+U+K+Kat

Pola ieu téh diwangun ku:

- Unsur fungsioanl jejer anu mangrupa kecap barang sarta nuduhkeun palaku.
- Unsur fungsional caritaan anu mangrupa kecap pagawéan anu nuduhkeun kalakuan.
- Unsur fungsional udagan anu mangrupa kecap barang sarta nuduhkeun pangrandap.
- Unsur fungsional komplemen anu mangrupa: (1) Kecap Barang, (2) Kecap Pagawéan, jeung (3) Frasa Pangantét. Sarta miboga peran anu nuduhkeun alat.
- Unsur fungsional katerangan anu mangrupa kecap panyambung sarta nuduhkeun pangrandap.

Hasil analisis wanda kalimah salancar jembar anu aya dina novél *Laleur Bodas* karangan SAMSU téh nya éta Kalimah Salancar Jembar Tempat, Kalimah Salancar Jembar Waktu, Kalimah Salancar Jembar Cara , Kalimah Salancar Jembar Tujuan, Kalimah Salancar Jembar Alat, Kalimah Salancar Jembar Frékuénsi, Kalimah Salancar Jembar Babandingan , Kalimah Salancar Jembar Sabab, Kalimah Salancar Jembar Aspék, Kalimah Salancar Jembar Modalitas Kapastianm Modalitas Kahangham, Modalitas Pangarep-arep, jeung Modalitas Kahéran.

1.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sawatara rékoméndasi anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

Kahiji, ieu panalungtikan téh ngeunaan kalimah salancar jembar anu aya dina karya sastra novél nya éta *Laleur Bodas* karangan SAMSU. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik kalimah salancar jembar anu sumberna tina karya sastra buhun, sangkan bisa méré bébédana tina segi basa nu dipakéna.

Kadua, ieu panalungtikan masih kénéh sacara murni nganalisis jeung ngadéskrripsikeun kalimah salancar jembar tina struktur jeung harti. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik kalimah salancar jembar dipatalikeun kana bahan katut proses pangajaran di sakola, sangkan nambahan référénsi pikeun guru di lapangan

